Fè Timoun Piti w la Pran Medikaman

HealthySteps®
SWEN PEDYATRI • SIPÒ • GID POU PARAN
Yon pwogram ZERO TO THREE

Pa gen okenn lòt solisyon—gen kèk medikaman ki gen yon gou dezagreyab! Tout medikaman yo se pwodwi chimik yo ye epi yo gen move gou. Se poutèt sa li ka tèlman difisil pou fè yon timoun piti pran yo. Li enpòtan pou w toujou sèvi ak gode a oubyen sereng pou w bay bon dozaj la. Toujou mezire ak anpil atansyon epi **piga janm sote yon dòz.** Eseye pran pasyans paske sa ka trè fristran. Pèdi sanfwa ou epi rele pap ede. Men kèk ti konsèy pou w ede pitit ou yo pran medikaman yo.

CHANJE FÒM OUBYEN METÒD POU ADMINISTRE MEDIKAMAN AN

- Medikaman likid ka fè pitit ou gen sansasyon tankou lap trangle oubyen li ka fè l vomi. Poze kesyon sou tablèt oswa bann pou moulen oswa pou fonn yo. Gen kèk medikaman ki menm vin sou fòm sipozitwa.
- Famasyen an ka kache oubyen maske gou a. Men pafwa savè a pa pral kouvri gou a ase. Ou ka eseye mete medikaman an nan manje tou pou kache l si founisè swen sante a ak famasi a pèmèt ou fè sa. Eseye mete l nan yon bagay dous tankou nan yon poudin oubyen siwo chokola. Asire w ke ou sèlman sèvi ak yon ti kantite manje,paske pitit ou a ap gen pou manje tout. Ou ka ofri bagay dous tou imedyatman apre yon dòz. Yon krèm glase ka angoudi lang yo ak papiy gistatif yo.
- Eseye itilize yon sereng oubyen yon pay (chalimo). Pitit ou a ka pa pran gou medikaman an si li ale nan fon gòj la.

CHANJE KOTE OUBYEN LÈ WAP BAY MEDIKAMAN AN

- Si pitit ou a gen yon gwo reflèks toufe, li ka krache oubyen vomi. Lè w bay medikaman yo nan basen an sa ka fè netwaye a pi fasil.
- Si medikaman an vini sou fòm yon gout pou je, eseye bay li pandan pitit ou a ap dòmi. Leve pòpyè yo dousman epi mete gout yo. Piga bay yon timoun kap dòmi lòt medikaman paske gen yon risk pou l toufe.
- Si toutsa w fè pa mache, mande ekip pedyat ou a èd!

© 2020 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.